LEMBAGA PENDIDIKAN MA'ARIF NAHDLATUL ULAMA
MADRASAH IBTIDAIYAH YAPPI BADONGAN
KEC. SEMIN KAB. GUNUNGKIDUL
Alamat : Badongan RT02 RW13, Karangsari, Semin, Gunungkidul 55854
*Status: Terakreditasi **B**, Email : miyappibadongan@gmail.com*

Tanda tangan		Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Nilai
Walimurid	Guru	Kelas	: IV (EMPAT)	
		Tanggal	: Selasa, 10 Juni 2025	
		Nama	: _____	
		No. Absen	: _____	

Berdoalah sebelum mengerjakan!

I. WENEHANA TANDA SILANG (X) PITAKON-PITAKON ING NGISOR IKI KANTHI JAWABAN SING BENER!

Wacan kanggo mangsuli pitakon nomer 1 - 3 !

Sluku-sluku bathok, Bathoke ela-elo
Si Rama menyang Solo, Oleh-olehe payung motha
Mak jenthit lolo lobah, Wong mati ora obah
Nek obah medeni bocah, Nek urip goleka duwit

1. Ira-irahane tembang ing dhuwur yaiku … .
   a. Si Rama menyang Solo
   b. Bathoke ela-elo
   c. Sluku-sluku Bathok
   d. Wong mati orah obah
2. Tembang ing dhuwur dumadi saka … gatra (baris)
   a. 7 b. 6 c. 5 d. 4
3. Si Rama menyang Solo, Oleh-olehe … .
   a. ora obah b. ela-elo c. goleka duwit d. payung motha
4. Tembang jaranan kagolong tembang … .
   a. dolanan b. keroncong c. campursari d. macapat
5. Tujuan utama lan isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah bocah ngenani … .
   a. Ilmu pengetahuan b. olahraga c. ketrampilan d. budi pekerti
6. Salah siji cirine tembang dolanan yaiku … .
   a. ukarane dawa-dawa
   b. ukarane cekak lan prasaja
   c. ukarane endah lan angel
   d. cengkok utawa lagune angel
7. Tembang dolanan kudu selaras karo … .
   a. keluargane bocah b. kahanane bocah c. cita-citane bocah d. wong tuwane bocah
8. Kaendahane nagari Indonesia ora mung alame, nanging uga ing kabudayan, lan kesenian. Salah siji tuladha kaendahane seni lan salaras karo bocah-bocah sing seneng dolanan yaiku … .
   a. tembang dolanan b. tembang lagam c. tembang macapat d. tembang campursari
9. Tembang dolanan "Gundul-Gundul Pacul" asale saka … .
   a. Jawa Timur b. Jawa Tengah c. Jawa Barat d. Kalimantan Selatan
10. "Wakul" iku arane … .
    a. wadahe sego b. wadahe banyu c. wadahe duwit d. wadahe piring
11. Lumbung Desa
    Lumbung desa pra tani padha makarya
    Ayo dhi, njupuk pari nata lesung nyandhak alu
    Ayo yu, padha nutu yen wis rampung nuli adang
    Ayo kang, dha tumandang yen wus mateng nuli madhang
    Tembang ing dhuwur irah-irahane … .

LIVEWORKSHEETS

a. Nutu pari b. Swara lesung c. Para Tani d. Lumbung Desa

12. Tembang ing dhuwur dumadi saka. . . gatra (baris).
a. 2 b. 3 c. 4 d. 5

13. Piranti kanggo ngolah pari dadi beras ing tembang dhuwur yaiku … .
a. mesin selep b. mesin giling c. lesung lan alu d. lumpang watu

14. Lumbung iku lumrahe kanggo wadhah … .
a. tela, kentang b. jagung, pari c. wortel, buncis d. kacang tanah, kedhele

15. "Yen wus mateng nuli madhang", tembung madhang basa krama aluse yaiku … .
a. nedha b. nedhi c. mangan d. dhahar

16. Sandhangan ing aksara Jawa dikelompokake dadi … .
a. 6 b. 5 c. 4 d. 3

17. "Wulu" yaiku sandhangan swara … .
a. swara "i" b. swara "e" c. swara "u" d. swara "o"

18. Tembung "Metu" iku yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan swara … .
a. pepet lan suku b. pepet lan wulu c. taling lan suku d. taling lan wulu

19. "Layar" yaiku sandhangan sigeg gantine aksara sigeg … .
a. swara "h" b. swara "ng" c. swara "r" d. swara "s"



20. Aksara Jawa ing nduwur pamacane … .
a. Rini tuku gula b. Rini tuku buku c. Rini tuku wulu d. Rini tuku sumbu

21. "Kopi bubuk" yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku … .
a. 
c. 
b.
d. 

22. yen ditulis dadi aksara latin dadi … .

a. buku ijo b. buku tulis c. buku gambar d. buku kuning

23.  yen ditulis aksara latin dadi … .

a. buku Loli ilang b. buku Loli ketemu c. buku Joni kotor d. buku Rani lusuh

24. "Kasur" yen ditulis aksara Jawa dadi … .
a. 
b. 
c.
d.

25. Yen ditulis aksara Jawa "permen isis" yaiku … .

a. 

b.

c. 

d.

Semaken teks wacan ing ngisor iki gawe mangsuli nomor 26-28 !

Panganan Sehat Ngandhut Gizi

Sabenere wong mangan ora kena mung angger enak lan wareg. Kajaba supaya wareg lan ngrasakake enak, wong mangan supaya oleh tenaga, njaga kewarasan lan oleh bahan kanggo ngatur badan. Mulane panganan kudu menuhi sarat sehat lan gizi. Panganan sehat yaiku panganan kang nyebabake badan dadi sehat, ora keracunan,ora njalari lelara. Panganan gizi yaiku panganan kang ngandhut zat sing dibutuhake badan.

LIVEWORKSHEETS

Panganan sehat kang ngandhut gizi lumrahe banjur diarani papat sehat lima sampurna. Kang kalebu panganan papat sehat lima sampurna yaiku panganan kang ngandhut karbohidrat, protein, vitamin, mineral, lan susu. Tuladha panganan kang ngandhut karbohidrat, yaiku: beras, jagung, uwi, lan tela. Tuladha panganan kang ngandhut protein, yaiku: iwak, daging, endhog, tahu, lan tempe. Panganan kang ngandhut mineral, yaiku: kangkung, bayem, terong, kobis,lan sawi.Panganan kang ngandhut vitamin, yaiku: jeruk, gedhang.

26. Wong mangan ora kena angger … lan … .
    a. enak : luweh b. luweh : sregep c. enak : wareq d. wareg : luweh
27. Panganan sehat kudu memenuhi sarat … lan … .
    a. sehat : gizi c. protein : imunisasi
    b. sehat : wareg d. ngombe susu : ngombe sirup
28. Panganan sehat yaiku panganan kang nyebabake badan sehat … lan … .
    a. wareg : gizi c. ora keracunan : ora njalani lelara
    b. gendhut : karbohidrat d. ora luweh : ora lelara
29. Vitamin C sung emot ing blimbing iku gedhe banget. Tembung "emot" mathuke oleh wuwuhan wujud … .
    a. ater – ater ka- b. seselan c. ater – ater ko- d. panambang
30. Bima guyu ndeleng polahe adhine. Tembung "guyu" mathuke oleh seselan wujud … .
    a. guyuh b. gemuyu c. guyub d. gumuyu
31. Ukara sing nganggo sesean -in-. Umpamane kaya ing ngisor iki … .
    a. Budhe bandhe tindhak Solo c. ayo padha ditindakake bebarengan
    b. Aja padha tumindhak kang ala d. Surate wes tinulis dening Surti
32. Nindi rambute kunciran loro. Tembung "kunciran" mathuke oleh panambang wujud … .
    a. +en b. +ana c. +na d. +an
33. Bapak *unjuk* wedang jahe abrit. Tembung sung digaris ngisore iku mathuke muni … .
    a. ngunjuk b. diunjuk c. kaunjuk d. unjukan
34. Ibu nyawisake dhaharan kanggo bapak. Tembung "nyawisake" yen diudhal manut tembung linggane … .
    a. ater-ater ny – nyawis + panambang - ake. c. ater-ater n – nyawis + panambang - ake.
    b. ater-ater ny – cawis + panambang – ake. d. ater-ater n – cawis + panambang - ake.
35. Adhiku dolanan masak-masakan karo kancane. Tembung "dolanan" saka tembung lingga … .
    a. dolanan b. dolan c. dodolan d. dodol

II. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !

36. Aku duwe pitik-pitik tukung
    Saben dina tak pakani jagung
    Petog gogog petog
    Ngendhog pitu tak ngremake
    Netes telu
    Kabeh trondhol ora duwe wulu
    Irah-irahane sing bener kanggo wacan ing dhuwur yaiku … .
37. Salah sijine tembang sing lumrahe ditembangake bocah-bocah nalika dolanan diarani … .
38. "Adi lagi tuku buku" yen di tulis nganggo aksara Jawa dadi … .
39.  Ukara aksara jawa ing sandhing iki yen diganti dadi aksara latin dadi … .
40. Bapak lagi cukur rambute adhik bayi. Tembung lingga "cukur" iku mathuke oleh wuwuhan wujud … .
41. Martabakku dakgambari pokemon nganggo coklat meses. Tembung "dakgambari" ing ukara iku asale saka tembung lingga … .
42. Endhoge wes (goreng) dening Bu Lek. Tembung goreng benere … .

LIVEWORKSHEETS

43. Blimbingku sing kowenehi mau durung .... Tutugane ukara ing ndhuwur sing mathuk yaiku … .
44. Kucinge … iwak daging karo sega putih.
45. Kodhok ngorek kagolong salah sijine tuladha tembang … .

III. Wangsulana pitakon ngisor iki kanthi patitis !

46. Sebutna tembang dolanan sing kokweruhi!
    Jawab :
47. Coba tulisen tembang dolanan "menthog-menthog"!
    Jawab :
48. Sebutna jenise sandhangan swara!
    Jawab :
49. Bayu lagi lara sirahe. Coba ukara ing samping nganggo aksara Jawa!
    Jawab :
50. Sebutna apa wae ater-ater anuswara!
    Jawab :

LIVEWORKSHEETS